**Адæмон сабырдзинадæн бындур æвæрын æвзæгты разыдзнадыл баст у**

Адæймагады истори æмæ культурон бынтæ фидæнмæ ахæссыны ахсджиагдæр элемент у æвзаг.

Рæстæджы цыдимæ æхсæнадтæ райдыдтой райсын сæхи æууæлтæ, цы æвзæгтыл дзырдтой, уыдоны бындурыл.

Æвзæгты æнкъуст æмæ æмкуст уыдгоймæкты размæ тæры. Мадæлон æвзагæй скъуйынта уыдгоймаджы æнуд кæны.

Ивгъуд æнусы, хицау æвзæгтæ серуадзы цæрæг æвзæгтæн зын уавæртæ саггаг коттой æмæ цын паддзахадон æнувыд закъонтæ равдыстой. Дин æмæ политикон тых кæнынтæ, марынтæ, тæрынтæ райдайæн, æнæ кæрон карз æгъатыр æмæ фыдхæрындзинад сæвзæрыд. Карз централизм цы доминантон элементтыл бындуриуæг кæны, уыдонæй иу, æнæдызæрдыгæй, уыдис национ-паддзахады концепци.

Уымæ гæсгæ, ЮНЕСКО 21-æм бон Æртхъирæны мæйы Мадæлон Æвзæгты бонæн саггаг котта. Æмæ сæфыны тас кæмæн ис уыцы æвзæгты бахъахъхъæнын æппæт адæмæн стыр хæс у зæгæ Фæдзæхста.

Ахæм тыхгæнæг митæ 20-æм æнусы Туркмæдæр фæзынд æмæ фыццагдæр Курттæгтæ сæ мæгур хай айстой. Севзаг æмæ културæ къулымп æрцыд. Курттагау зарын, дзурыны бар фæндæгтæ сæхгæттой. Уыдонимæма бирæ æвзæгтæ. Курттаг æвзагимæма Турчы иннæ æвзæгтæ дæр сæ хай айстой. Ныртæккæ 18 æвзагæн сæфыны тас ис. Æртæ Æвзаг: Убых, Мылахсо æмæ Анатолийы Грекъаг æвзæгтæ дзурæг нал ис. Ирон æвзаг (Иронау æмæ йæ бынæттон диалект Дыгуронау), Черкесаг, Ныгуылæн Сомыхаг, Цигайнаг, Хæмсинаг, Мегрелаг, Понтусон Грекъаг, Абхазаг æмæ Сурæтты (Ассириаг) æбзæгтæ тæссонд бынатысты. Зазаты æвзæгтæдæр тæссонд бынат ахсынц æмæ сæфты уæлмæрттæм хæстæгысты.

Зæххы къорийыл цыдæриддæр æвзæгтæ ис, уыдон сты æппæт адæмты хæзна, æмæ дзы иу куы фæхъæуы, уæд уыцы хæзна фæкъахыр вæййы. Æппæт æвзæгтæ иумæ сты иу егъау оркестры хуызæн, æмæ дзы иу куы фæхъæуы, уæд ын иу хъæлæс нал фæфаг кæны.

Адæмыхатты дзыхы амард йе 'взаг — амард адæмыхатт дæр". Мадæлон æвзагæн ис стыр ахадындзинад, у не стырдæр хæзна. Йæ бахъахъхъæнын,

дарддæр æй рæзын кæнын у нæ иумæйаг хæс.

Мадæлон æвзаг у адæмы фарн æмæ æгъдау иу фæлтæрæй иннæмæ адæттыны сæйрагдæр фæрæз. Æвзаджы хъысмæт у адæмы хъысмæт. Адæмы фидæн баст у æвзаджы фидæнимæ. Уый у йæ сæйраг æууæл. Уый йын куы нал уа, уæд нал ис йæхæдæг дæр.

Æвзæгтæн цард амонд саразын æмæ фидар паддзахадон закъонтæ сæвæрын хъæуы. Иу хатма зæгъæм сабырдзинад иунæг нæ фæлæ бирæ æвзæгтимæ фидауы.

Уадз, зæлæд ирон ныхас æнустæм зæххыл!

Адæмон сабырдзинад æвзæгты разыдзинад у.

Нæ уынаффæ у:

1)Мадæлон æвзæкты ахуырад ацы хъуыддæкты алы рандæр дзурыны хæдбардзинады законтæ саразын хъæуы.

2) Сæфыны тас кæмæн ис ахæм æвзæкты бахъахъхъæнын æмæ хъахъхъæнджыты фарсмæ лæууын хъæуы.

3) Паддзахаты мидæг цæрæн æвзæкты ахуырад университеты сæвæрыны фадат саразын хъæуы.

4) Дунеон паддзахæтты кьорды 2 Рухæн 1990 азы æвæрд æмæ 2 кæфты 1995 азы Турчы кьухæвæрд сывæллæтты хайады уынаффæйæн йе'ртæ зын къуылымпытæ сисын хьæуы.

**2025-æм азы, Æртхъирæны Мæйы 21 бон,**

Oğuzlar Mah. 1388.Cad No:37 Balgat Çankaya ANKARA